



Konklizyon

## Glwa nou pral kontre pi devan

Tè ki donnen anpil: Kòmansse yon lavi tounèf ak Jezi



Pandan nou t ap ekri liv sa, yon zanmi m nan lavi ak nan ministè mouri. Pandan plis pase yon lane Greff Shaffer t ap lite ak yon fòm kansè ki te grav anpil. Nou te de bon zanmi pandan 50 lane. Gregg te konn mennen yon lavi ki fidèl nan sèvi Senyè a ak tout limenm, e li te ede anpil moun grandi nan lavi espiyèl yo. Nou te konn travay ansanm Annayiti. Men Gregg te gen yon lanmou espesyal pou pèp ayisyen an.

Jou kite 8 fevriye 2020 an, se pa ni en ni desan moun ki te reyini nan yon legliz ansanm ak fanmi Gregg pou yo fè yon sèvis pou selebre lavi li. Yo t ap raple lavi l ak ministè l nan mitan lajwa ak kè kontan. Tè genyen kèk ti dlo nan je tou paske zanmi nou an te manke nou, men te genyen plis kriye lakontantman paske nou te konnen deja zanmi nou te ansanm ak Jezi, epi li patap soufri ankò.



Bondye prepare yon lavi ki ale pi lwen pase monn sa, yon kote pou moun viv pou toutan, yon kote ki plen glwa. Pou moun k ap swiv Kris, lamò se pa lafen; se yon lot kòmansman nan yon kote ki rele **syèl**. Women 8:18 bay nou asirans sa yo: *“Paske, mwen konsidere soufrans nan tan kounye yo pa merite pou yo ta konpare yo avèk glwa, Bondye pral revele nan nou an”*.

Syèl la se yon kote ki pi wololoy pase sa nou te kapab janm imajine. Tout bagay nan lavi jodi a ki fè nou kriye ak doule nan kè, yo gen pou fini, epi nou menm nou pral antre anndan prezans Bondye.

**Fason nou kwè syèl la ye, se fason n ap viv jodi a.** Yon otè kreyen, C.S Lewis te di: *“Si w ap li istwa, w ap wè kreyen ki te rive fè plis pou monn sa a yo, se egzakteman sila yo ki te panse plis konsènan lòt monn lan”*. Bondye vle nou konnen epi imajine kisa kote li prepare pou nou an ye. Laverite konsènan syèl la ap rekonfòte nou lè nou sonje sila yo kite ale devan nou, e l ap ede nou mouri nan lapè. Men tou lè ou konnen kèk bagay sou syèl la, sa ap enspire kè w tou epi chanje konpòtman w. Sa ap ede w viv ak plis konfyans, e viv pi byen kounye a.



**Nan dènyè leson nou an, ou pral anprann dekouvri reyalite syèl la epi prepare kè w pou kote sa a Bondye prepare pou ou pou toutan an.**

**Mande Bondye ede w konprann Pawòl Li, ede w aprann viv nan prezans li, epi tounen moun Li vle ou ye a.**

Avan nou etidye kisa Labib di, reflechi sou kisa anpil moun annayiti kwè sou lavi apre lanmò. Ekri tout sa ou panse yo nan espas sa a.

**Ak kisa syèl la sanble ?** Mistè syèl la ansanm ak lavi nou ak Kris yo depase sa lezòm kapab konprann, men Bondye te revele tout glwa li prepare pou nou nan Pawòl Ekriti Li a epi tou grasa Lespri Sen Li a.

*Men, se konsa sa ekri: Bagay je pa janm wè epi zòrèy pa janm tande, Bagay ki pa janm monte nan kè lezòm, Se yo Bondye te pare pou moun ki renmen l yo (1 Korentyen 2:9).*





Depi kòmansman jouk rive nan lafen, Labib sèvi ak mo “syèl” la plis pase 600 fwa. Jezi pale sou sa 70 fwa nan liv Matye a sèlman. Pou nou byen konprann tout mistè syèl la, li Pawòl Ekriti sa yo epi reponn kesyon yo.

## I. SYÈL LA SE PWOMÈS BONDYE FÈ W

Jezi di li: **Mwen se rezirèksyon an. Mwen se lavi a. Yon moun ki kwè nan mwen, menm si l ta mouri, li va viv. Epitou, moun k ap viv epi ki kwè nan mwen, li p ap janm mouri ditou.** Èske w kwè sa? (Jan 11:25-26).

***Ki pwomès Jezi fè sila yo ki kwè nan Li yo?***



Benediksyon pou sila ki Bondye epi ki Papa Senyè nou an, Jezi Kris! Pitye li tèlman gran, li ban nou yon nouwèl nesans. Konsa, grasa Jezi Kris ki te resisite pami mò yo, nou gen yon esperans vivan, yon eritaj ki pa ka ni gate, ni sal, ni fennen; yon eritaj ki sere nan syèl la pou nou; wi, pou nou menm, Bondye ap pwoteje nan pisans li, grasa lafwa nou, akòz delivrans li deja prepare pou l devwale nan dènye tan an. Se nan sa lajwa nou ye, menm si kounye a li nesesè pou nou nan lapenn anba divès eprèv pou yon ti moman. Konsa, lè eprèv teste lafwa nou, sètouwe rezilta a se va lwanj, glwa, ak onè, lè Jezi Kris va parèt. Paske, lafwa nou gen plis valè pase lò ki kapab detui. Alòske, dife teste menm lò. E, malgre nou pa t wè Jezi Kris, nou renmen li. Malgre nou pa wè li kounye a, nou kwè nan li, jis nou nan yon lajwa ki se yon mèvèy ak yon glwa. Paske, poutèt lafwa nou, n ap resevwa delivrans pou nanm nou kòm rezilta (1 Pyè 1:3-9).

***Pitye Bondye tèlman gran, li ba nou yon nouwèl nesans ak yon esperans vivan grasa \_\_\_\_\_.***

***Kisa yon eritaj ye?***

***Yon lòt non yo ka bay eritaj se “dwa nesans”. Ki kote “dwa nesans” ou kache? \_\_\_\_\_***

***Menm si w ap soufri tout kalite tantasyon kounya, kòman Bondye ap rekonpanse lafwa w alafen?***

## 2. SYÈL LA SE YON KOTE REYÈL JEZI TE PREPARE POU OU

Nan lannwit avan lanmò li, Jezi te di disip li yo: ***“Anyen pa dwe toumante kè nou. Kwè nan Bondye, kwè nan mwen tou! Lakay Papa mwen, genyen anpil chanm. Si se pa t sa, mwen ta di nou. Mwen pral pare yon plas pou nou. Si mwen ale, epi mwen pare yon plas pou nou, m ap tounen ankò. Epi, mwen va pran nou avèk mwen. Konsa, kote mwen ye, nou va la tou”*** (Jan 14:1-3).



*Jezi te pwomèt:*

- 1)
- 2)

*Ki esperans pwomès sa ba ou?*

## 3. SYÈL LA SE KOTE KI GEN LAGLWA E SE KOTE W AP ANSANM AK BONDYE

Aprè sa, mwen wè yon nouvo syèl ak yon nouvo tè. Paske, premye syèl la ak premye tè a disparèt. E, lanmè a pa t la ankò. Epi, mwen wè vil sent lan, nouvo Jerizalèm nan, ap desann sot kote Bondye nan syèl la. Li te prepare tè li tankou yon lamarye ki byen abiye pou mesye marye li. Epi, mwen tande yon vwa byen fò nan syèl la ki di: ***Gade! Tabènak Bondye a pami lèzòm kounye a. L ap abite pami yo. Y ap vin pèp li. Epi, Bondye, li menm, ap avèk yo. L ap siye tout dlo nan je yo. Epi, p ap gen ni lanmò, ni dèy, ni kriye, ni doule ankò. Paske, premye jan bagay yo te ye a ap disparèt.***



*Epi, sila ki chita sou twòn nan di: Gade! Mwen fè tout bagay vin nouvo. Epi, li di: Ekri sa, paske pawòl sa yo se fidelite ak verite yo ye!*

*Epi, li di mwen: Se fini! Se mwen ki Alfa ak Omega a. Se mwen ki Kòmansman an ak Lafen an. Moun ki swaf, m ap ba yo dlo gratis nan sous dlo lavi a. E, moun ki gen laviktwa, y ap eritye bagay sa yo. M ap Bondye yo, epi, yo menm, y ap pitit mwen (Apokalips 21:1-7).*

***Kisa pwomès sa yo vle di pou ou?***

- 1) *Tabènak Bondye a pami lèzòm kounye a. L ap abite pami yo.*
- 2) *Y ap vin pèp li. Epi, Bondye, li menm, ap avèk yo, L ap Bondye yo.*
- 3) *L ap siye tout dlo nan je yo. Epi, p ap gen ni lanmò, ni dèy, ni kriye, ni doule ankò. Paske, premye jan bagay yo te ye a ap disparèt.*
- 4) *E, moun ki gen laviktwa, y ap eritye bagay sa yo. M ap Bondye yo, epi, yo menm, y ap pitit mwen.*

#### **4. NAN SYÈL LA, OU PRAL WÈ JEZI**

*Vrèmanvre, kounye a, se nan yon glas ki twoub n ap gade. Men, lè sa a, se ap fasafas. Kounye a, se yon pòsyon konesans mwen genyen. Men, lè sa a, konesans mwen ap menm jan ak jan Bondye konnen m nan (1 Korentyen 13:12).*

*Byenneme, kounye a, se pitit Bondye nou ye. Sa nou pral ye a poko parèt. Men, nou konnen lè li va parèt, nou va menm jan avèk li. Paske, n a va wè li, menm jan li ye. E, tout moun ki genyen esperans sa a nan li, yo pirifye tèt yo menm jan, li menm, li pwòp la (1 Jan 3:2-3).*

***Lè Kris va parèt, kiyès k ap menm jan avèk Li? \_\_\_\_\_***



***Lè ou konnen ou va wè Jezi yon jou, kòman sa ede lafwa w grandi?***

***Lè ou konnen ou pral menm jan ak Jezi epi ou va wè L, kisa ou dwe fè kounye a? Esplike kòman vèsè sa rive ede w konprann fason ou dwe viv lavi w. Benediksyon pou moun ki gen kè yo pwòp, Paske yo va wè Bondye (Matye 5:8).***

## 5. NAN SYÈL LA W AP GENYEN YON KÒ TOUNÈF

Alòske, nou menm, nou se sitwayen syèl la, kote Sovè n ap tann nan ap soti, sa vle di Senyè Jezi Kris. Dapre pouwwa ki fè l kapab soumèt tout bagay anba l la, l ap transfòme kò mizè nou genyen an, pou li fè li konfòm ak kò li ki nan laglwa (Filipyen 3:20-21).



Vrèmanvre, sou latè, nou abite nan yon kò ki tankou yon tant. Nou konnen menm si l demoli, nou genyen yon bilding Bondye fè, yon kay ki pa fèt ak men lèzòm, yon kay nan syèl la ki etènèl. Poutèt sa, n ap plenn nan kò sa a, tank nou anvi abiye ak kay nou an ki nan syèl la. E, depi nou abiye konsa, yo p ap jwenn nou toutouni. Paske, pandan nou nan tant sa a, n ap plenn anba chay sa a. E, se pa paske nou ta vle dezabiye nou ki fè n ap plenn nan, men se paske nou ta vle abiye nou plis, dekwa pou lavi ka vale sa ki ka mouri a. Se Bondye menm ki pare nou pou sa. E, se li menm tou ki ban nou Lespri a kòm avalwa (2 Korentyen 5:1-5).

***Se sitwayen ki peyi nou ye?***

***Nan ki fason kò nou ap transfòme?***

***Kòman Bondye fè pou L bay nou garanti sou sa k ap vini an?***

***Poukisa fason ou gade bagay ki gen pou vini yo kapab transfòme tout lavi w?***



Nan paj 2 a, ou te ekri kisa anpil moun annayiti panse sou lavi apre lanmò. Fè yon ti gade ankò sa ou te ekri yo. Kounye a, ou fin etidye sa Labib anseye, **ki diferans ou ka fè kounye a ak sa anpil moun kwè?**

Annayiti, anpil moun ap viv yo tou pè. Yo pè pou chak ti erè yo ta fè konsènan règ ak prensip pou moun viv, osnon lè yo pa rive fè kalte sakrifis yo te dwe fè a, osnon ankò nenpòt ti fot yo ta fè nan regleman yo genyen, yo kwè tout sa yo kapab rale malediksyon etènèl sou yo. Gen anpil moun ki fè gwo sakrifis pou tèt yo dekwa pou yo rive retire lespri yo nan kò yo pou fè l sòti nan lavi sa pou l al nan yon lòt lavi. Moun ki nan Vodou kwè lè yon moun mouri, lespri an ap pase nan anpil etap, epi fòk genyen plizyè seremoni avan pou l rive nan denyè kote l ap repoze a. Kèk ladan yo pè pou espri lwa yo pa vin simaye vanjans sou nanm yo ak fanmi yo.

**Bondye pa vle ou viv nan laperèz ak kè kase. Jezi deja asire avni w ak li.**

*Se konsa Bondye fè lamou li vin total nan nou, dekwa pou nou ka genyen konfyans nan jou jijman an. Paske, menm jan li menm, li ye a, se konsa nou menm, nou ye nan monn sa a. Nan lamou, pa gen kè-kase. Okontrè, lamou ki total la mete kè-kase deyò. Paske, se pinisyon ki mennen kè-kase. Yon moun ki gen kè-kase, lamou Bondye pa total nan li. Nou menm, nou renmen l, paske li te renmen nou an premye (1 Jan 4:17-19).*

## MEDITE SOU JOU LAGLWA KI GEN POU VINI



Fason ou reflechi sou syèl la se fason sa w ap mennen lavi w jodi a.

Men kisa Jezi te di: *Pa anpile trezò pou tèt nou sou latè, kote mit ak wouy ap detui yo, kote vòlè ap kase pou antre vòlè yo. Anpile trezò pou tèt nou nan syèl, kote ni mit ni wouy pa ka detui yo, kote vòlè pa ka ni kase antre, ni vòlè yo. Paske, kote trezò ou ye, se la kè ou va ye tou (Matye 6:19-21).*

*Se poutèt sa, nou pa lage. Okontrè! Menm si kò nou fennen sou deyò, Bondye ap fè andedan nou tou nèf, jou apre jou. Vrèmanvre, tribilasyon nou yo lejè, yo la pou yon ti moman. Men, sa y ap donnen pou nou, se yon chay glwa ki depase tout mezi epi k ap la pou letènite. Konsa, se pa bagay je ka wè, n ap veye, men, se bagay je pa ka wè. Paske, bagay je ka wè yo ap pase. Men, bagay je pa ka wè yo, yo la pou letènite (2 Korentyen 4:16-18).*



## AKTIVITE POU MEDITE

Bondye te prepare yon kote ki pa nan monn sa, yon kay ki etènèl epi ki gen laglwà pou sila yo ki renmen L. Se yon kote ki depase monn sa, ki depase sa moun ka wè.

**Pran yon ti tan pou reflechi tèt poze epi medite sou pwomès Bondye fè w. Kòmanse gade anwo nan syèl la, kite late deyè. Sonje sa ou sot etidye yo. Reflechi sou Kreyatè a ki te kreye yon kay etènèl pou ou.**

**Gade senk pwomès Bondye fè w pi ba a. Pran san w medite sou yo chak. Di Bondye mèsè pou chak pwomès sa yo.**

- *Nenpòt moun ki kwè nan mwen ap viv e li pap janm mouri.*
- *Mwen pral prepare yon plas pou ou la a, e m ap retounen pou m pran w avèk mwen, dekwa pou ou kapab avèk mwen kote mwen ye a.*
- *M ap siye dlo nan je w. P ap gen ni lanmò, ni chagren, ni kriye, ni doulè. Ou p ap janm grangou ankò; ou p ap janm swaf ankò. Solèy la p ap janm kouche devan w, m ap menmen w nan sous dlo vivan an.*
- *Mwen va Bondye w, e ou va pitit Mwen.*
- *M ap transfòme kò feblès ou yo pou yo vin tankou kò laglwà Mwen an, e ou va wè mwen jan mwen ye a.*

**Nan espas anba a, ekri tout sa ou panse konsènan syèl la ak nenpòt lòt angajman ou bezwen pran ak Bondye.**





**Pou nou fini ak leson nou an, pran yon ti tan pou lapriyè. Di Bondye mèsi pou pwomès li yo ak pou rekonpans li yo. Mande Bondye ede w viv yon lavi fidèl pou Li epi pou ou respekte angajman w yo devan L.**

## YON PRIYÈ POU FINI

Nou espere leson sa yo te fòtifye lafwa w epi ankouraje w pou w renmen Jezi ak tout kè w, nanm ou, lespri w e fòs ou. Nan premye leson an, nou te montre kòman swiv Jezi se desizyon ki pi enpòtan nenpòt moun te kapab pran. Se pi gwo apèl e se pi gwo desten yon moun te kapab viv. Priyè nou e sa nou anvi nan kè nou se pou ou grandi nan relasyon w ak Bondye epi pou ou vin sanble avèk Li plis chak jou. Men priyè nou pou ou.

*Se poutèt sa, mwen menm tou, lè mwen tande kòman nou gen lafwa nan Senyè Jezi epi kòman nou gen lamou pou tout sen yo, mwen pa sispann rann gras pou nou. Wi, mwen nonmen non nou nan priyè mwen, dekwa pou sila ki Bondye Jezi Kris, Senyè nou an, sila ki Papa ki se laglw a ka ban nou yon lespri sajès, yon lespri revelasyon pou nou konnen li. Kòm li te klere je kè nou, nou va konnen ki esperans ki genyen nan rele li te rele nou an, epi ki richès ki genyen nan glwa eritaj li, pami sen yo. Epi tou, nou va konnen ki grandè depase mezi ki genyen nan pisans li pami nou menm ki kwè, dapre travay fòs kouraj li. Li fè li travay nan Kris, lè li te resisite l pami mò yo. Epi tou, li fè Kris chita adwat li nan syèl la, sou tèt tout chèf, tout otorite, tout pisans, tout souvren, epi sou tèt tout non ki nonmen, pa sèlman nan tan kounye a, men nan tan ki pral vini an tou. Epi ankò, Bondye soumèt tout bagay anba pye Kris. E, se li menm Bondye bay kòm tèt tout bagay nan legliz. Legliz se kò Kris. Li fè li total nan Kris, ki se sila a ki fè tout bagay total nan tout moun (Efezyen 1:15-23).*

Tradui pa Jean-Mario Michel

© 2021 International Strategic Alliances, Inc. (ISA)

Dokiman sa yo vize fòmasyon moun sèlman, yo kapab kopye epi sèvi avèk yo pou kalite travay konsa, men yo pa dwe fè chanjman nan yo san International Strategic Alliances pa bay otorizasyon pou sa.

Tout pasaj Labib yo sòti nan Bib Kreyòl La (BKL), si se pa sa nou fè w konnen sa nan yon nòt.

